Государственная итоговая аттестация по образовательным программам основного общего образования в форме основного государственного экзамена (ОГЭ)

Демонстрационный вариант
контрольных измерительных материалов
основного государственного экзамена 2025 года
по АВАСКОМУ ЯЗЫКУ

Подготовлен государственным бюджетным
учреждением Республики Дагестан
«ДАГЕСТАНСКИЙ НАУЧНО-ИССЛЕДОВАТЕЛЬСКИЙ ИНСТИТУТ
ПЕДАГОГИКИ ИМ. А. А. ТАХО-ГОДИ»

ХIалтIи тIубаялъул къагIида (инструкция)

Экзаменалъе бугеб хIалтIи лъабго бутIаялдасан гIуцIун буго. Гьезда гъорлъе уна кинабниги 13 тIадкъай.

Авар мацIалъул экзаменалъе бугеб хIалтIи тIубазе кьезе бегьула гIага-шагарго 4 сагIат (ай 240 минут).

ТIоцебесеб бутIаялда гъорлъе уна 1 тIадкъай. Гьаниб цIалун гIенеккараб текстaлда тIаса къокъ гьабураб изложение хъвала. Къокъ гьабураб изложениялъе кьураб текст кIиго нухалъ цIалула.

Гьеб тIадкъай тIубала (ай изложение хъвала) кIиабилеб бланкаялда.

КIиабилеб бутIа гIуцIун буго 11 тIадкъаялдасан (2 – 12). Гьел тIадкъаяз цIалдохъаби тIамула текстaлъул, предложениялъул, рагIул батIи-батIиял анализал гьаризе.

2 – 12 тIадкъаязе жавабал кьезе ккола рагIабаздалъун (ай цо, яги цо чанго рагIудалъун), ялъуни тартибалда лъурал цифрабаздалъун.

Цин жавабал кьола щибаб тIадкъаялда хадуб, цинги гьел хъвала тIоцебесеб бланкаялда.

Лъабабилеб бутIаялда гъорлъе уна 1 тIадкъай. Гьаниб, пикруги загьир гьабун, сочинение хъвала.

Сочинение хъвала кIиабилеб бланкаялда.

1 бутIа

Тексталъухъ гIенекке ва жавабазул кIиабилеб бланкалда тIоцебесеб тIадкъай хъвай. Цин тIадкъаялъул номер, цинги къокъаб изложениялъул текст хъвай.

1 Тексталъухъ гIенекке ва къокъ гьабун изложение хъвай.

Изложение хъвалаго, щибаб бутIаялъул гуребги, кинабго тексталъулги тIубанго аслияб хIасил кьезе (бицине) ккола.

Изложениялъул кIодолъи 70 рагIудаса дагь букIине кколаро.

Изложение бацIцIадаб, бичIчIулеб, бигьаго цIализе кIолеб хатIалдалъун хъвай.

Изложениялъе текст

МАГIАРУЛ МАЦI

МагIарул мацI ккола магIарул халкъалъул мацI. Гьеб мацIалда кIалъала магIарулал рукIа-рахъиналъулъ, цебетIезабула жидерго культура, адабият, кьола лъай ва гIун бачIунеб гIелалъе. МагIарул мацIалда хIалтIула театрал, радио ва телевидение, риччала газетал, журналал, художествияб адабият. Гьеб малъула лъималазул ахазда, школазда, гьоркьохъел ва тIадегIанал цIалул идарабазда. МагIарул чиясе гьеб ккола рахьдал мацIлъун. ГIемерал миллатал ругеб Дагъистан Республикаялда магIарул мацI ккола бищун кIудияб халкъалъул мацIлъун. Дагъистан Республикаялъул Конституциялда рекъон, магIарул мацI лъазабун буго Дагъистан Республикаялъул пачалихъияб мацIлъун.

МагIарул мацIалда кIалъала миллионалдасаги цIикIкIун чи. 2021 соналда босараб халкъалъул хIисабалда рекъон, Россиялда гIумру гьабулеб буго 1 012 074 магIарулас. МагIарулазул кIудияб къадаралъ гIумру гьабулеб буго Москва, Санкт-Петербург, Астрахань шагьаразда, Краснодар, Ростов, Ставрополь краязда, Калмыкия ва Чачан Республикабазда ва гьединго цогидал

шагьараздаги областаздаги. МагIарул мацI тIибитIун буго Азербайжаналда, Гуржиялда, Казахстаналда, Гъиргъизиялда ва Турциялда. Гьеб малъула Азербайжаналъул Закатала ва Белокани районаздаги Гуржиялъул Къварели районалдаги ругел школазда. Россиялъул Федерация тун къватIисел пачалихъаздаги (Германия, Франция, Голландия, Азербайжан, Гуржия ва ц.) руго гIелмиял централги институталги, гIелмияб даражаялда магIарул мацI лъазабулел.

2 бутIа

2 – 12 тIадкъаязе жавабал кьола цо, яги цо чанго рагIудалъун, ялъуни тартибалда лъурал цифрабаздалъун.

Жавабал хъвала щибаб тIадкъаялда хадуб жавабалъе бихьизабураб бакIалда.

Текст цIале ва 2, 3 тIадкъай тIубай

(1)Цо сордоялъ, ракIалдаго гьечIого, бихха-хочараб цIергун жубараб цIад бана. (2)Зобал гъугъадана. (3)Кьвахго-кьвахан цин дора, цин гьанир речIчIулел пирияз гIадамазул ракIал сорозарулел рукIана. (4)ТIилица бухараб жо гIадин, гьура-чункун рехана авлахъ, гъоркь хIубал чIваниги, тIокIал тIаде рорхиларедухъ, ракьалдехун гьетIизаруна рахьдалъ ругел мугьазул гIолохъанал тIорал. (5)Ахикь цониги гъветI хутIичIо, гьеб гIасияб цIорол хъантIараб квер хъвачIеб. (6)Кьурабаздаги бан, гъугъадулеб зобалъ риххизаруна парахат жидерго бусабазде руссун рукIарал хIанчIи.

2 Текстал да жаниб бугеб кинаб предложениялъул, яги жубараб предложениялъул цояб бутIаялъул грамматикияб аслу битIун бихьизабун бугеб? БитIун кьураб жавабалъул номер хъвай.

1) цIергун цIад бана (1 предложение)

2) пирияз ракIал сорозарулел рукIана (3 предложение)

3) гьетIизаруна рахьдалъ гIолохъанал тIорал (4 предложение)

4) гъветI хутIичIо (5 предложение)

5) зобалъ риххизаруна хIанчIи (6 предложение)

Жаваб: _____.

3 Тексталдаса кинаб предложениялъе битIун характеристика кьун бугеб? БитIун кьураб жавабалъул номер хъвай.

1) ТIоцебесеб предложение гIадатаб ккола.

2) КIиабилеб предложение гIадатаб, тIибитIараб ккола.

3) Лъабабилеб предложение причастияб сверелгун гIадатаб, тIибитIараб ккола.

4) Щуабилеб предложение причастияб сверелгун гIадатаб ккола.

5) Анлъабилеб предложение тIибитIараб, гIадатаб ккола.

Жаваб: _____.

4 Лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидабиги гьезие мисалаллъун рукIине бегьулел предложениялги дандеккезаре. ТIоцебесеб хIобода бугеб щибаб определениялъе дандекколел кIиабилеб хIобода ругел мисалал тIасарище.

Лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидаби	**Предложениял**
А) Жинца баян кьолеб рагIуда хадуб причастияб сверел ккун бугони, гьеб запятаялдалъун батIа гьабула.	1) Гьанже рикIкIадасанго бихьула школалъул чIухIараб мина, исана росдал жамагIаталъ тIаделъун бараб.

Б) Абулаго гьаркьил интонациялдалъун ва хъвалаго запятаялдалъун батIалъизабула хIаллъун ккараб деепричастияб сверел. В) Определениелъун тIаджубараб предложение бетIераб предложениялда хадуб бугони, бетIерабги тIаджубарабги предложение, гьоркьоб запятая лъун, батIа гьабула.	2) ХIамзатил Расул росулъе вачIиналъул бицунеб букIана гIолохъабаз. 3) КIалалги рахун, щобалги регун, вахана дун магIарда тIаде. 4) ГIарипица, радал цудунго тIадеги вахъун, гъармахъал хIадур гьаруна. 5) РикIкIаде бихьулаан мина, кьурул рагIалда бараб.

ТIасарищарал цифраби дандекколел хIарпазда гъоркь таблицаялда хъвай.

Жаваб:

А	Б	В

5 Лъалхъул ишараби лъе. Запятая лъезе кколеб бакIалда ругел цифраби рихьизаре.

Оцбай

Оцбай буго цIакъ цебегосеб магIарул ихдалил байрам. Оцбалеб къоялъ(1) цо рес бугев чияс(2) оцги хъун(3) росдал гIадамал кваназе гьарула. Оцбаялда тIоцебесеб рахъ бала цо кIудияв чияс(4) дугIаги цIалун(5) хурул бачIин лъикIаб букIагиян гьарун. Гьеб къоялъ(6) гIолохъабаз рихьизарула батIи-батIиял гьунарал(7) кьурди(8)рекери(9) кIанцIи. ЧIахIиял чагIи ургъун(10) тIадеялде оцбай халкъалда рагIун лъазабула цогидав рес бугев чиясда. Гьев хIадурлъула тIаде ккараб къо борхизе.

Жаваб: _____.

6 Рихьизарурал рагIабаздаса кинаб рагIул битIунхъвай мухIканго баян гьабун бугеб? БитIун кьурал жавабазул номерал хъвай.

1) БАЦIЦIИНЕ, БЕЦIЦIИЗЕ, БУЦIЦIИНЕ, ЦIЦIЕ – кIирекъараб *цIцI* хъвала гьал рехсарал рагIабазул кьибилазулъ ва гьезул цогидал формабазулъ.

2) ГЬУМЕР, ГIУРХЪИ, ТIУХЬИ, ГУРДЕ – тIоцебесеб слогалде ударение кколел, тIоцебесеб слогалъулъ *у* яги *о* хъваялъулъ щаклъи кколел рагIабазулъ кибго *у* хъвала.

3) КIИГЪАТАБ, ЛЪАБТIАЛАЯБ, КIИБАГЬАБ, ЛЪАБОКIОНАБ – рикIкIеналъул кьибилалда тIаде *-гъатаб, -тIалаяб, -багьаб, -бокIонаб* гIадал рагIаби журан лъугьарал прилагательноял рекIун хъвала.

4) БАГIА-БАГIАРАБ, ЦIАКЪА-ЦIАКЪАБ, ЧIЕГIЕ-ЧIЕГIЕРАБ – чияр мацIаздасан рачIарал журарал прилагательноял, дефис лъун, хъвала.

5) НИЖЕЦА, НИЛЪЕР, НУЖЕЕ – *ниж, нилъ, нуж* цIарубакIал хъвалсарал падежазул формабазда, аслу цIунун, хъвала.

Жаваб: _____.

7 Текст цIале. Гьоркьор риччарал хIарпал хъвай. Жидер бакIалда геминатал рихьизарулел хIарпал хъвазе кколел цифраби рихьизаре.

Дагъистан буго жибго гьитIинаб, гьава ба..(1)адаб, гьайбатаб мугIрул улка. (2)..аридал (3)..алабахъан (4)..ахула хехал гIорал. ГIодорлъабазда руго ахалги хурзалги. Гьенир рижула тIагIама..(5) пихъал. Рорхата..(6) мугIрузда (7)..анала гIиял. Гьезги нилъе..(8) кьола кьарияб гьан, беэнаб хIан, тамахаб (9)..ас.

Жаваб: _____.

8 Жакъасеб авар литератураялъул мацIалъул нормабиги цIунун, скобкаби рагье ва «тахги», «гордо» абурал рагIаби дандекколеб формаялда хъвай.

Хехго (тахги) рещтIун, Мария (гордо) екерана, амма квачалъ расенхинабураб цIоролъан азбаралъуб щибниги бихьулароан.

Жаваб:_ _____.

9 ***«гъваридаб кIкIал», «кIиявго вас», «тIолабго халкъ»*** абурал рагIабазул дандраязулъ ругел рагIаби кинаб бухьеналдалъун цоцалъ рухьун ругел?

Жаваб: _____.

Текст цIале ва 10–13 тIадкъаял тIурай

(1)Дир эмен вукIана гIалхул хIайваназе цIакъ хъулухъ гьабулев чи. (2)Гьес цо нухалъ бицана гIалхул хIайваназулги хIанчIазулги мацI лъалев вукIарав, гIумруго гIалхуда, рохьазда арав ХIасанил хIакъалъулъ. (3)ХIасанида цадахъ рохьове арав эмен гIажаиблъун хутIун вуго гьесул гьунаралъухъ.

(4)Ризаб рохьосан унаго, гьев, кIалалда сверухъ хъатги чIван, «чIиву-чIиву, чIиву-чIиву» – абун чIирчIидана. (5)Гьеб лахIзаталъ боржунги бачIун, нижеда аскIоб бугеб гъотIол гIаркьелалда чIана гIурччинаб габуралъул,

зодикьераб махмаралъул рессарал гIадал куркьбазул, гIазугIан хъахIаб керенал ъул чIоролоялдасаги цIикIкIараб хIинчI.

(6)«Жибго хвезегIан, гьудул хисуларо гьелъ», – ан абуна ХIасаница, жиндирго ахIиялъухъе аскIобе бачIараб хIинчIалдехунги вуссун. (7)Гьеле гьелдаса нахъе гIадамаз гьелда ХасанхIинчIилан цIар лъун буго. (8)Гьудул батизегIан, боржанхъула гьеб, доб хваралъуб, хвезеги буго.

(9)ХIетIеги унтун, эмен вегун вугел къояз дун, гьесул туманкIги босун, чанаве ана. (10)Хасалихълъиялде къараб, хинал улкабазде ихдалил хIанчIи сапар бухьине хIадурлъулеб мех букIана доб. (11)Дие сунда щваниги, щиб чIваниги кIвар букIинчIо, туманкI кьвагьизе щваралдаса нахъе. (12)Рохьосан вачIунаго, цо гIурччинаб расалъуда, иццул рагIалда кIиго хIинчIги бихьун, лъалхъана дун. (13)Чанахъанлъиялъул щавкъалъ дида гьел хIанчIи мокъокъалин ккана. (14)КIиялъулго бакьулъего битIизабун, кьвагьана туманкI. (15)Твархан роржун ана хIанчIи. (16)Цоялъул роржин гIажаибаб букIана: тартадулев чи гIадин, куркьбазги кколарого, гьаваялда твархолебги букIун, торгIо киниги, гIодобе бортун ана гьеб. (17)Хадубго боржун цояб хIинчIги бачIана. (18)Дун аскIове вортана: бугоха харилъ ккун ХасанхIинчI. (19)БухIун чехьги ана дир, чапун гIетIги бана дида. (20)Гьелде туманкI кьвагьидал ва гьеб гьаваялда тиризе лъугьиндал, рекIелъ пархун букIараб чанахъанлъиялъул рохелги тIагIун, хIинкъараб гIадин лъугьана. (21)Дида хIанчIида хъвазецин кIвечIо.

(22)Вахъана эменги. (23)Ана ниж рохь къотIунги. (24)Ва щибаб къойил гьадаб иццул рагIалда чIвараб гьудулалда тIад тIавап гьабулеб бихьулаан ХIасанхIинчI. (25)«Лъил баркат гьечIеб квердай гьалде борхана?» – абун пашманлъулаан эмен гьаниве щванщинахъе. (26)Бана гIазуги, щвана хаселги. (27)Хинаб улкабазде боржунги инчIого магIарухъго чIараб ХIасанхIинчIги, цо къоялъ цIорозеги цIорон, гьадаб гьудул бортараб бакIалда хун батана нижеда.

10 Кинаб пикру текстал ъул хIасилалда дандекколеб? БитIараб жавабалъул номер хъвай.

1) «ЧIиву-чIиву, чIиву-чIиву» – абун ХIасан чIирчIидараб мехалъ, боржунги бачIун, хабар бицунев чиясул инсудаги ХIасанидаги аскIоб бугеб гъотIол гIаркьелалда чIана гIазугIан хъахIаб керенал ъул чIоролоялдасаги цIикIкIараб хIинчI.

2) Васас бицунеб букIана жиндир эмен гIалхул хIайваназулги хIанчIазулги мацI лъалев чи вукIанин, гIумруго гIалхуда, рохьазда гьесул унеб букIанин.

3) Хинаб улкабазде боржун инчIого, магIарухъго чIараб хIинчI, цо къоялъ цIорозеги цIорон, хун батана хабар бицунев чиясда ва гьесул инсуда.

4) Васас бицанихъе, хIетIеги унтун, жиндир эмен вегун вугел къояз ХIасан, туманкIги босун, чанаве ун вуго.

5) ХIасаница бицун, гIадамазда лъан буго гьудул хисулареб, гьудул батизегIан, боржанхъулеб, гьудул хвараль уб, хвезеги бугеб хIинчI букIин.

Жаваб: _____.

11 Калам пасихI гьабизе, жиндилъ эпитетал бугеб предложение бихьизабе. БитIараб жавабалъул номер хъвай.

1) ХIетIеги унтун, эмен вегун вугел къояз дун, гьесул туманкIги босун, чанаве ана.

2) Дие сунда щваниги, щиб чIваниги кIвар букIинчIо, туманкI кьвагьизе щваралдаса нахъе.

3) Гьес цо нухалъ бицана гIалхул хIайваназулги хIанчIазулги мацI лъалев вукIарав, гIумруго гIалхуда, рохьазда арав ХIасанил хIакъалъулъ.

4) Гьеб лахIзаталъ боржунги бачIун, нижеда аскIоб бугеб гъотIол гIаркьелалда чIана гIурччинаб габуралъул, зодикьераб махмаралъул рессарал гIадал куркьбазул, гIазугIан хъахIаб керенал ъул чIоролоялдасаги цIикIкIараб хIинчI.

5) Гьелде туманкI кьвагьидал, ва гьеб гьаваялда тиризе лъугьиндал, рекIелъ пархун букIараб чанахъанлъиялъул рохелги тIагIун, хIинкъараб гIадин лъугьана.

Жаваб: _____.

12 Къоло ункъабилеб предложениялъулъ бугеб «тIавап гьабулеб» абураб рагIуе синоним ургъе. Гьеб синоним хъвай.

Жаваб:_ _____.

3 бутIа

13 **«ВатIан цIунун хварав чи, хабалъ чIаго вукIуна»** абураб магIарулазул абиялъул магIна баян гьабулаго, дурго пикруги загьир гьабун, сочинение хъвай.

Жавабалъе далилал рачунаго, цIалараб асаралдаса кIиго-лъабго мисал баче.

Сочинение байбихьула цебехун кьураб магIарулазул абиялдаса.

Сочинениялъул кIодолъи 70 рагIудаса дагь букIине кколаро.

Сочинение бацIцIадаб, бичIчIулеб ва бигьаго цIализе кIолеб хатIалдалъун хъвай.